



## Maladi Loisirs Dlo

### Kisa Maladi loisirs dlo a (RWI) ye?

Maladi loisirs dlo (Recreational Water Illnesses, RWI an angle) se yon enfeksyon kap viv nan dlo kontamine ak mikwòb. Ou kapab jwenn mikwòb sa yo nan pisinè, djakouzi, sant akwatik, espas ki gen dlo moun ka jwe, fontèn dlo entèaktif, lak, rivyè, ak lanmè. Mikwòb sa yo kapab bay moun dyare oswa enfeksyon nan poumon, zye, zòrèy, vant, po, nen, oswa gòj.

### Kijan Maladi loisirs dlo a (RWI) gaye?

Non sèlman moun kap naje yo pataje dlo a, yo pataje mikwòb ki nan dlo a ak tout moun ki itilize pisinè nan. An mwayèn, chak moun gen apeprè 0.14 gram pou pou nan dèyè yo, se sak fe lè moun rense ko yo nan dlo pisinè nan, li kapab kontamine dlo a. An plis, lè yon moun gen dyare, pou pou li kapab gen milyon mikwòb ladan'l. Sa vle di yon grenn moun ki gen dyare kapab kontamine dlo nan yon gran pisinè oswa sant akwatik fasil. Ou kapab malad menm si ou bwè yon ti gout dlo ki kontamine.

Pa bliye klowòks pa touye mikwòb yo touswit. Kèk mikwòb, tankou sa yo rele Kriptosporidyòm (oswa "Kripto"), kapab tolere anpil klowòks.

**Kimoun ki Gen Plis Chans Pou genyen Maladi loisirs dlo a (RWI) ?** Timoun ak fanm ansent gen plis risk pou yo malad grav si yo gen maladi loisirs dlo a. Moun ki gen sistèm defans ki fèb tankou moun ki gen SIDA, moun ki te resevwa yon grèf ògàn, oswa moun ki te resevwa sèten kalite kimoterapi ak risk pou yo malad grav.

### Sa Pou w fè Pou Naje San Danje

Men detwa bagay efikas byen fasil **tout naje** kapab fè chak fwa yo naje pou pwoteje tèt yo, fanmi yo, ak zanmi yo kont maladi loisirs dlo a :

#### 1. Asire'w Dlo a Bon Pou Naje!

Veye pou siy oswa afich ki endike dlo a ka pa bon pou antre ladan li! Lak, rivyè, ak lanmè a kapab kontamine ak mikwòb ki soti nan dlo ize ki vèsè, pou pou bèt, ak dlo ki koule apre lapli fin tonbe. Kèk mikwòb komen kapab viv nan dlo sale pandan lontan tou. tankou fontèn dlo entèaktif ak pakki gen dlo moun ka jwe plis fasil po yo enfekte. Moun yo gendwa pa rann kont yo re-itilize dlo nan pak sa yo. Dlo yap itilize pou yo jwe a ka rense nenpot bagay ki kontamine (pa egzanp, dyare, vomisman, ak salte) epi voye li kote ki kenbe dlo a apresa yo voye menm dlo sa a sou moun ankò. Sa vle di, li posib pou dlo a vin kontamine epi fè moun malad.

#### 2. Pa kite pipi, pou pou, swe, ak salte tonbe nan dlo a!

- Si ou gen dyare, pa antre nan dlo a
- Benyen avan ou antre nan dlo a
- Pa ni pipi, ni pou pou nan dlo a
- Pa vale dlo a

kontinye

### 3. Chak Inèdtan - Mete Tout Moun Deyò!

- Mennen timoun yo nan twalèt
- Tcheke kouchèt yo, epi chanje yo nan yon twalèt oswa espas pou chanje kouchèt - pa tou pre pisine nan - pou evite mikwòb yo antre nan pisine nan
- Re-mete krèm solèy
- Bwè anpil dlo

### 4. Si ou gen yon pisine oswa djakouzi, verifiye nivo klowòks lib ak pH la avan ou antre nan dlo a

- Pisine yo: Yon bon nivo klowòks lib (1–3 miligram/lit oswa pati pa milyon [ppm]) ak pH (7.2–7.8) ba ou kapasite pou touye plis mikwòb.
- Djakouzi / espa yo : Yon bon nivo pou dezenfekte (klowòks [2–4 pati pa milyon ou ppm]) oswa bwomin [4–6 ppm] ak pH (7.2–7.8) ba ou kapasite pou touye plis mikwòb.
- Pifò sipèmache, kenkayri, ak boutik ki vann pwodui pou pisine vann bann tèspisine sa yo.

